*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



**«Илим ҳәм билимлендириўдиң ғайраткери академик»**

**(Абатбай Даўлетовтың биобиблиографиясы)**

*Нөкис - 2018 жыл*

## *Кирисиў*

Қарақалпақ тил билими 1960-жыллардан кейин жаңа басқышқа көтерилип, ҳәр тәреплеме раўажлана баслады. Бул дәўирден баслап қарақалпақ тилиниң тараўлары бойынша миллий илимий қәнигелер өсип жетилисти, олар қарақалпақ тилин илимий жақтан изертлеўге өзлериниң белгили үлеслерин қосты.Илим менен шуғылланыў ийне менен қудық қазғандай машақатлы ис. Бул жолды еринбейтуғын, мийнеткеш, пидайы, инталы инсанлар ғана басып өте алады.Қарақалпақ тилине айрықша мийнет қосқан Әпиўайы ауыл баласының академик дәрежесине жетисиўи ең дәслеп шаңырақта ҳәм мектепте алған тәрбиясына байланыслы болса керек. Дана халқымыз «Уяда нени көрсең ушқанда соны көресең» дейди.Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң улыўма ҳәм түркий тил билими кафедрасының баслығы ,филология илимлериниң докторы,профессор,Өзбекстан Илимлер Академиясының ағзасы, Қарақалпақ стан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери Абатбай Дәўлетов қарақалпақ тилиниң сеслик системасы мәселеси менен шуғылланғанына отыз жылдай уақыт болды.Илимпаздың творчестволық жолын алып қарасаң ,оның қарақалпақ тили фонетикасына арналған дәслепки мақалалары жетписинши жыллардың басында ақ «Советская тюркология»,«Өзбекстан Илимлер Академиясының хабаршысы» сияқлы илмий журналларда жарық көрген Абатбай Дәўлетовтың бул мийнетлери сыпатлаў, баянлаў усылы емес ал пүткиллей жаңа усыл эксперименталлық изертлеў усылына сүйенип орынланғанҳәм тил билиминиң соңғы жаңалықлары теориялы жетискенликлери тийкарында жазылған. Абатбай Дәўлетов өзиниң қарақалпақ тил билиминдеги жолын қарақалпақ фонетикасы мәселелеринен баслады ҳәм өмириниң ақырына дейин қарақалпақ тилиниң сеслик системасы бойынша турақлы түрде шуғылланды.Қарақалпақ тилиниң фонетикалық системасы ҳәрдәўирде ҳәр қыйлы илимпазлар тәрепинен ҳәр

қыйлы дәрежеде изертленип келди Бул жерде С. Е. Маловтың, Е. Д. Поливановтың байқаўларын Н. А. Баскаковтың, Ж. Аралбаевтың К. Убайдуллаевтың мийнетлерин атамай кетиўге болмайды.

Белгили илимпазлар менен атлары пүткил әлемге таралған инсанлардан А. Конюновты, профессор М. И. Матусевич, профессор Л. Н. Зин дердиң, лекцияларын тыңлаўы, сондай- ақ белгили тюркологлар А. М. Щербак, С. Н. Ивановлар менен тиккелей қарым қатнаста болыўы, олардан тил билиминиң мәселелеринен мәсләҳат алыўы Абатбай Дәўлетовтың белгили илимпаз болып қәлиплесиўине үлкен тәсир етти. Ол жумысларының үлкен бир бөлегин оқыў орынлары, мектеплер, лицей ҳәм кәсип- өнер колледжлерине арналған сабақлықлар қолланбалар бағдарламалар қурайды. 1979- жылы «Ҳәзирги қарақалпақ тили» сабақлығының биринши томы баспадан шықты.Сабақлықтың екинши томы морфология тараўына арналып , ол 1981-жылы, үшинши томы синтаксис тараўына арналып, 1986-жылы китап болып басылып шықты. Бул сабақлықлардың жазы

лыў ҳәм баспадан шығыўын шөлкемлестириўинде Абатбай Дәўлетов көп мийнет етти ҳәм тийкарғы авторлардың бири сыпатында қатнасты.Абатбай Дәўлетов –қарақалпақ тилиндеги сингармонизмди өз алдына илмий изертлеўлердиң объектине айландырған илимпаз.Оның булл мәселеге арналған «Қарақалпақ тилиндеги сингармонизм» деген мийнети 1993- жылы басылып шықты. Китап төрт бөлимнен турады.Биринши бөлими түркий тиллердеги сингармонизмниң изертлениў тарийхына кеңнен шолыў жасап, онда автор сингармонизмниң ҳаққндағы ҳәр қыйлы пикирлерге сын көзқарастан баҳа берген. Монографияның екинши бөлиминде қарақалпақ тилиндеги сингармонизмниң тәбияты ҳәм атқаратуғын хызметине жаңаша бағдарда баҳа берген,үшинши бөлимде қарақалпақ тилиндеги даўыслылар сингармонизминиң еки турин көрсеткен.1)буўын қурылысындағы, даўыслылардың жуўан ҳәм жиңишкелиги жағынан үнлесип келиўи, 2)буўын қурылысындағы даўыслылардың езиўлик я еринлик болып үнлесиўи айрықша талап көрсетилген. Монографияның төртинши бөлиминде

дауыссызлардың сингармонизми өз алдына изертленген.1994 –жылы оның авторлығында ҳәзирги қарақалпақ тилиниң фонетика тараўына арналған сабақлығы өз алдына китап болып , қайта баспадан исленип шығарылды. Сондай ақ олүшинши рет 1999 –жылы басылып толықтырылды. Академик Абатбай Дәўлетовтың басқа авторлар менен бирге жазған «Тил билимине кириспе»(Нөкис 1988),Қарақалпақ тил билиминиң тарийхы» (Нөкис 2001) қолланбалары студентлер ҳәм илмий жәмәәтшилик тәрепинен кең түрдепайдаланбакта. Ол 5,7,10- қарақалпақ классларына, 5-6-7-8 өзбек классларына арналған, сондайақ кәсип-өнер колледжлери,академиялық лицейлерге арналған қарақалпақ тили бойынша  жазылған  ҳәм баспадан шыққан авторлардың бири.Қарақалпақстан-көп миллетли республика. Онда түби  бир туўысқанқарақалпақ , өзбек, қазақ, түркмен халықлары басым көпшиликти қурайды. Бул төрт түркий халықлардың тиллери бир- бирине тәсир етиўи, усы арқалы бир-бирин байытыўы тәбиийй ҳал. Бул теманы изертлеў теориялық жақтан да, әмелий жақтанда үлкен әҳмийетке ийе.Сонлықтан бул мәселе академик Абатбай Дәўлетовтың тиккелей басшылығында  мәмлекетлик қаржы есабынан исленету
ғын темалардың қатарына киргизилип, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети ҳәм Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының бир қатар тилши илимпазларының қатнасыўында илмий жумыслары орынланып атыр.Бул мийнетлери ушын илимдеги табыслары педагогикалық ҳәм жәмийетлик хызметлери есапқа алынып ол Өзбекстан Илимлер Академиясының академиги болып сайланды.Бул тек ғана Абатбай Дәўлетовтың табысы болып қалмады, ал улыўма Қарақалпақстан илмий жәмийетшилигиниң табысы, оған берилген жоқары баҳа болды.

## *Абатбай Даўлетовтың*
## *өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети*

Өмирин қарақалпақ тилин изертлеўге арнаған,исми ҳәм илмий мийнетлери тилши илимпазлар арасында кеңнен мәлим болған илимпаз Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң улыўма ҳәм түркий тил билими кафедрасының баслығы , филология илимлериниң докторы,профессор,Өзбекстан илимлер Академиясының ағзасы Абатбай Дәўлетов Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери 1942–жылы Халабад қаласының «жузим бағ» аўылында дийхан шаңырағында туўылған 1964 жылы Абатбай Дәўлетов Қарақал
пақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх- филология факультетин «Қызыл диплом»менен питкерип, қарақалпақ тили қафедрасында оқытыўшыболып қалдырылды. Ленинград университетинде аспирантурада оқып сол жерде кандидатлық диссертациясын жақлаған.Ал докторлық диссертациясын Алма- ата қаласындағы Қазақстан Илимлер Академиясында «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси» деген темада жақлаған.Абатбай Дәўлетов көплеген устазлардан тәлим алып усы дәрежеге жеткен олардан белгили алымлардан Көшербай Бердимуратов, Айтжан Есемуратов, Досжанбай Насыров болды.Олардан қарақалпақ тилиниң «қашырмаларын» үйренип тил билимине қызығыўшылығы арытқан.Абатбай Дәўлетовтың илимий жумысларының баҳалылығы туўра
лы орыс илимпазлары А. М. Щербак,А. Р. Зиндер, М. И. Матусевич, қарақалпақтилши илимпазлары Е. Бердимуратов, М. Дәўлетов, Х. Хамидов, ташкентли тилши алымлардан А. Авазбаева, М. Жусипов,қырғыз илимпазы Ж. Садықов, А.Оразбаев, қазақ тилшилери А. Жунисбеков, Б. Қалиев, уйғыр илимпазы Т. Талиповлар баспа сөз бетинде унамлы пикирлер

билдирген.Абатбай Дәўлетовтың мийнетлериниң айрықша дыққатқа миясар 1995 жылы «Билим» баспасынан шыққан «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси»атлы монографиясы оғада кушли бурынғы айтылып жүрген пикирлерге қарама қарсы пикирлер эксперименталь усылларға бай.Латын алфавитине тийкарланып қарақалпақ әлиппесин дүзиўге Абатбай Дәўлетов белсене қатнасты. Университете оқыў тәрбия ислери менен бирге қарақалпақ тил билиминиң филология тараўында 40-қа жақын илмий мийнет дөретти. Булардың барлығы қарақалпақ тилиниң ертеңги келешеги ушын хызмет етпекте.Абатбай Дәўлетов «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси» деген мийнетин қарақалпақ тили менен түркий тилин изертлеўши илимпазларға, илмий хызметкерлерге, аспирантларға, сондай-ақ қарақалпақ тили муғалимлерине менен филология факультети студентлерине, соның менен бирге өз ана тилин ҳурметлейтуғын оның сырларын жақсы билгиси келетуғын қарақалпақ оқыўшыларына арналған оқыўлық. Илимпазлар оны илмий мийнетлери ушын пайдаланса муғалимлер менен студентлер оны сабақлық ретинде пайдаланыўға болады.Академик Абатбай Дәўлетов илим менен шуғылланып қалмады. Ол университеттиң филология факультетиниң оқыў тәрбия жумысларын шөлкемлестириўге, кадрларды тарбиялаўға белсене қатнасты. 1972-1978 жыллары университеттиң филология факультети деканының орынбасары, 1978-1985 жыллары қарақалпақ тили кафедрасы баслығы, 1985-1996 жыллары дәслеп шет тиллери, соң филология факультетиниң деканы болып иследи. 1992- 1996 жыллары улыўма ҳәм туркий тил билими кафедрасын басқарды.Абатбай Дәўлетов – үлкен педагог, тәжирийбели устаз. Ол дерлик қырық жылдан берли студентлерге тәлим тәрбия берип киятыр. Оның билим берген шәкиртлери ҳәзир республикамыздың барлық тараўларында жемисли мийнет етип атыр.Абатбай Дәўлетовтың жумысларының үлкен бир бөлегин жоқары оқыў орынлары, мектеплер, лицей – кәсип өнер колледжлерине арналған сабақлықлар, қолланбалар, бағдарламалар қурайды.Абатбай Дәўлетов -үлкен

шаңарақ басшысы өмирлик жолдасы Мырзагул Тилеўова менен үш ул еки қызды тәрбиялап өсирди. Үлкен улы әке жолын таңлап илимпаз болып жетилисти. Ол техника илимлериниң кандидаты, университет оқытыўшысы.Үлкен қызы ата жолын даўам еттирип , филолог –оқытыўшы болып ислеп атыр.Ол Бердақ атындағы Қарақалпақ университети босағасында студентликтен академиклик дәрежесине шекемги машақатлы, қырлы соқпақларды басып өтти. Оның илимдеги ҳәм өмирдеги табыслары-жасларға үлги.Илимпаздың илимге қосқан салмақлы үлеслери ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланып,оған «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» ҳурметли атағы берилди.Академик Абатбай Дәўлетов 2015 –жылы 7- апрель куни Нөкисте қайтыс болды.Ол өзиниң илмий мийнетлери менен қарақалпақ тил билими тарийх ында өшпес исмин қалдырды. Оның өмир жолы, ис тәжирийбеси, ис усылындағы хадаллық ҳәм пәклик, пухталық ҳәм жаңалыққа умытылыўшылық, өзине ҳәм басқаларға болған талапшанлық, кишпейиллик пазыйлетлери ҳәзирги жас педагог ҳәм илимпазлар ушын улги бола алады.

## *Абатбай Даўлетовтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер*

1942–жылы Халабад қаласының «жузим бағ» аўылында дийхан шаңырағында туўылған

1964 жылы Абатбай Дәўлетов Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх- филология факультетин «Қызыл диплом» менен питкерген.

1972-1978 жыллары университеттиң филология факультети деканының орынбасары.

1978-1985 жыллары қарақалпақ тили кафедрасы баслығы.

1985-1996 жыллары дәслеп шет тиллери, соң филология факультетиниң деканы болып иследи.

1996 жыллардан улыўма ҳәм туркий тил билими кафедрасын басқарып келди.

## *Абатбай Даўлетовтың атақ сыйлықлары*

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң улыўма ҳәм түркий тил билими кафедрасының баслығы , филология илимлериниң докторы.

Өзбекстан илимлер Академиясының ағзасы.
Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери.

## *Абатбай Даўлетовтың шығармалары қарақалпақ тилинде*

1973

1. Қарақалпақ тили интонациясының айырым мәселелери // «Жас ленинши»,1973.-5 июль.

1979

2. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика, лексикология.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.

1981

3. Белгили илимпаз (Е. Бердимуратов) // «Сов. Қарақалпақстаны»,1981-26 дек.
4. Алғы сөз.//Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981.

1984

5. Устазлардың устазы:[А. Есемуратов ҳаққында] //Жас ленинши», 1984.-28 дек.

1986

6. Бир составлы гәплер.//Ҳәзирги қарақалпақ тили .Синтаксис.-Нөкис:-«Қарақалпақстан»,1986.

7. Пунктуация.// Ҳәзирги қарақалпақ тили .Синтаксис.-Нөкис:-«Қарақалпақстан»,1986.

1987

8. Қарақалпақ тилиндеги даўыссыз фонемалардың жумсалыў жийилиги ҳаққынды.// Қарақалпақ тил билиминиң айырым мәселелери.-Нөкис:-1987-8-17 бетлер.

1988

9. Тил билимине кириспе.-Нөкис: «Қарақалпақстан»,1988.

1989

10. Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң фонетикасынан практикум.- Нөкис:-1989.

1991

11. Қарақалпақ тили .7 –класс оқыўшылары ушын сабақлық.- Нөкис: «Билим»,1991.

1992

12. Қарақалпақ тилинде айырым фонетикалық терминлердиң жумсалыў өзгешеликлери.// «Тиллердиң өз ара қатнаслары жағдайында ҳәзирги қарақалпақ тилиниң терминологиясын тәртиплестириў мәселелери» бойынша илимий - әмелий конференцияның тезислери.- Нөкис:- 1992.

13. Қос шынар:[А. Есемуратов ҳәм Қ. Бердимуратов ҳаққында] //Еркин Қарақалпақстан,1992.-1 окт.
14. Қарақалпақ тили . 7 –класс оқыўшылары ушын сабақлық.- Нөкис: «Билим»,1992.
15. Қарақалпақ тили . 10-11 –класслар оқыўшылары ушын сабақлық.- Нөкис: «Билим»,1992.

1993

16. Жазыўшымыз жетилисиў жолында // Еркин Қарақалпақстан,1993.-1 май.
17. Қарақалпақ тилинде сингармонизм. - Нөкис:- 1993.

18. Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң айырым улыўмалық ҳәм жеккелик фонетикалық қубылыслары.// Ҳәзирги қарақалпақ тили раўажланыўының айырым мәселелери. -Нөкис: «Билим»,1993.

19. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде жубайлас фонемалар ҳаққында. //Ҳәзирги қарақалпақ тили раўажланыўының айырым мәселелери.- Нөкис: «Билим»,1993.
20. Қарақалпақ тилиндеги даўыссызлардың артикуляциялық акустикалық сәйкеслиги.//ҚМУ профессор оқытыўшыларының илимий- теориялық конференциясыматериаллары.- Нөкис: -1993.-56-61 бетлер.

1994

21. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика.-Нөкис: «Билим»,1994.

22. Түркий халықлардың жазба тилин жетилистириўге арналған симпозиум // Еркин Қарақалпақстан,1994.-6 март.

1995

23. Жетилискен әлипбе-саўатлықтың гиреўи //Қарақалпақстан жаслары,1995.-27 июль.

24. Сөз тийкарығы сеслик нызам ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан,1995.-22 июль.

25. Сөз даўыслы сеслердиң жумсалыўы ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан,1995.-19 август.

26. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси.- Нөкис: «Билим»,1995.

27. Қарақалпақ тил билими раўажланыў жолында // Еркин Қарақалпақстан,1996.-8 окт.

28. Сыйлыққа миясар мийнет :[Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги I-IV.- Нөкис: Қарақалпақстан,1982-1992.]// Еркин Қарақалпақстан,1996.-1авг.

29. Туңғыш академиялық грамматика // Еркин Қарақалпақстан,1996.-17 авг.

30.Жоқары илмий дәрежели қәнегелер таярлаўда жаңа бағдар // Еркин Қарақалпақстан,1996.-20 апр.

31.Қарақалпақ тили .5-классларға арналған сабақлық. -Нөкис: «Билим»,1996.

1997

32. Н. А. Баскаков ҳәм түркий тиллер // Еркин Қарақалпақстан,1997.-7 янв.

33. Жаңа имла сөзлиги ҳәм жазыўды жетилистириў мәселелери // Еркин Қарақалпақстан,1997.-1 июль.

34. Қарақалпақ тили .10-11-классларға арналған сабақлық. -Нөкис: «Билим»,1997.

1998

35. Тиллердиң өз ара тәсири ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан,1998.-20 июнь.

36. Тиллердиң өз ара тәсири менен бир-бирин байтыўдың дереклери.//Түркий тиллердиң өз ара байланыслы мәселелери. - Нөкис:- 1998.

39. Қарақалпақ тилиндеги айырым сеслердиң фонологиялық халаты ҳаққында.// Түркий тиллердиң өз ара байланыслы мәселелери. - Нөкис:- 1998.

40. Сегиз қырлы, бир сырлы инсан еди [ С. Ахметов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан,1998.-12 сент.

41. Билимлендириди жетилистири -заманагөй қәнигелер таярлаўдың гиреўи // Еркин Қарақалпақстан,1998.-3 дек.

1999

43. Қарақалпақ тил билими. Библиографиялық көрсеткиш. - Нөкис:- 1999.

44. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика.-Нөкис: «Билим»,1999.

45. Академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлеринде ана тилин оқытыўдың мәмлекетлик билимлендириў стандарты//Устаз,1999-4 нояб.

46. Хызметлери халыққа унаған// Еркин Қарақалпақстан,1999.-18 март.

2000

47. Қарақалпақ әлипбесин жетилистиридиң айырым мәселелери //Вестник Каракалпакского отделения АН Узбекистана, 2000.-№5.

48. Қарақалпақ әлипбеси тарийхынан мағлӯмат // Қарақалпақстан жаслары,2000.-27 июль.

49. Буўын қурамындағы айырым сеслик өзгерислер ҳаққында //Вестник Каракалпакского отделения АН Узбекистана, 2000.-№6-7.

50. Қарақалпақ тилиниң жанкүйери : [М. Дәўлетов ҳаққында] //Еркин Қарақалпақстан,2000.-3 окт.

51. Қарақалпақ тили .5 –класслар ушын сабақлық.- Нөкис: «Билим»,2000.

52.Қарақалпақ тили .7 –класслар ушын сабақлық.- Нөкис: «Билим»,2000.

2001

53. Қарақалпақ тили – раўажланған тиллердиң бири// Устаз,2001.-11 окт.

54. Қарақалпақ тил билиминиң тарийхы. -Нөкис: «Қарақалпақстан»,2001.

2002

55. Қарақалпақ тили. 5 –класс. Оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын мектеплер ушын сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

56. Қарақалпақ тили. 6 –класс. Оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын мектеплер ушын сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

57. Қарақалпақ тили .7 –класс. Оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын мектеплер ушын сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

58. Қарақалпақ тили. 8 –класс. Оқыў өзбек тилинде алып барылатуғын мектеплер ушын сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

59. Қарақалпақ тили.Кәсип өнер колледжлери ушын сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

60. Қарақалпақ тили. I курс. Академиялық лицейлер ушын сабақлық. -
Нөкис: «Билим»,2002.

61. Қарақалпақ тили. II курс. Академиялық лицейлер ушын сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

62. Қарақалпақ тили. III курс. Академиялық лицейлер ушын сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

63. Жазыў үлгиси. Биринши классларға арналған сабақлық. -Нөкис: «Билим»,2002.

64. Жазыў дәптери. Биринши классларға арналған сабақлық. - Нөкис: «Билим»,2002.

2003

65. Жазыўды жетилистирў –турмыс талабы //Устаз,2003.-16 сент.

66. Фонология тарийхынан мағлыўмат // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-2003.-№5.

2004

67. Ҳәммениң кеўлинен шығар еди:(Ж. Мәтмуратов ҳаққында) //Сарқылмас сырлы инсан.-Нөкис:-2004.

68. Өзине ҳәм өзгелерге талапшаң инсан еди:(Ч. Абдиров ҳаққында) //Тамыры тереӊ шынар еди.-Нөкис:-2004.

2005

69. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Фонетика.- Нөкис: «Билим»,2005.

2007

70. Тил билиминиң тийкарлары . - Нөкис: «Билим»,2007.

2010

71. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Морфемика, морфонология, сөз жасалыўы, морфология.- Нөкис: «Билим»,2010.

## *Абатбай Даўлетовтың редакторланған мийнетлери.*

1981

72. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология.- Нөкис: «Қарақалпақстан»,1981.

1986

73. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис.- Нөкис: «Қарақалпақстан»,1986.

1987

74. Қарақалпақ тил билиминиң айырым мәселелери. Илимий мақалалар жыйнағы . - Нөкис:- 1987.

## *Абатбай Даўлетовтың шығармалары өзбек тилинде*

1996

75. Қорақалпоқ тилшунослик янги босқичда //Ўзбекистонда ижтимоий фанлар,1996.-№6.

## *Абатбай Даўлетовтың шығармалары рус тилинде*

1970

76. Длительность гласных в односложных словах каракалпакского языка: [экспериментально-фонетическое исследование] // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-1970.-№3.

1971

77. Вокализм современного каракалпакского литературного языка: [экспериментально-фонетическое исследование] . Автореферат кандидатской дицертации.-Ленинград:-1971.

78. Качественная характеристика гласных фонем каракалпакского языка // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-1971.-№2.

79. Артикуляционная характеристика гласных фонем каракалпакского языка // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-1971.-№4.

1972

80. О фонемном составе гласных современного каракалпакского литературного языка // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-1972.-№2.

1973

81. Фонематическая природа некоторых фонетических дифтонтов в современном каракалпакском литературном языке // «Совеская тюркология».-1973.-5 июль.

1976

82. Вокализм каракалпакского языка.-Самарканд:-1976.

1979

83. К вопросу об изучении вокализм каракалпакского языка. //Некоторые вопросы языкознания.-Нукус:-1979.-160-171 с.

1980

84. К вопросу о классификации дифференциальных признаков фонем каракалпакского языка. // Материалы VII Всесоюзной региональной диалектической конференции тюркских языков.-Нукус:-1980.-34-38 с.

1981

85. О стечении согласных звуков в каракалпакском языке // «Советская тюркология».-1981.-№5.

1983

86. Дистрибуция консонантных сочитаний в каракалпакском языке и их фонемно- фонетический анализ // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-1983.-№3.

87. Ученый языковед// «Совет мектеби».-1983.-№7.

1987

88. Фонологическая оппозиция согласных каракалпакского языка .// Тезисы докладов и сообщений XI научно- теоретической конференции НГУ.-Нукус:-1987.

1989

89. Некоторые вопросы описания фонологической системы каракалпакского языка // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-1989.-№3.

1990

90. О фонематическом свойстве согласных сонантов в каракалпакском языке.//Тезиси докладов: (Всесоюзной конференции «Тюркская фонетика - 90»). –Алма-Ата:-1990.

1991

91. Некоторые вопросы усвоения русского произношения каракалпаками.//Тезиси доклады и сообщений Всесоюзной научно методической конференции «Совершенствование подготовки учителей – словесников в условиях национально- русского и русско- национального двуязычия».-Фрунзе:-1991.

1993

92. О процессе усвоения русского звукового строя в условиях русско-каракалпакских языковых контактов.// Русский язык в Каракалпакстане .-Нукус:-1993.

2004

93. Звуковой строй современного  каракалпакского литературного языка.Автореферат  докторской диссертации.-Алматы:-1994.
Фонема как  минимальная фонологическая единица  в каракалпакском языке.// «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-2004.-№5-6.

2006

94**.** Александру Михайловичу Щербаку 80 лет // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана»-2006.-№4.

2008

95. К вопросу  о природе  и функции сингармонизма в тюрских языках и труды Махмыта Кашгарлы.// Материалы Международной научной конференции «Махмуд Кашгарлы-основоположник научной тюркологий».-Ашгабад.-2008.

2014

96. Фонематичестическое и фонетическое описание гласных каракалпакского языка.-Нукус:-«Билим».-2014.

## *Абатбай Даўлетов  ҳәм  шығармалары  ҳаққында*

1984

97. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилин изертлеўшилер.-Нөкис: «Қарақалпақстан»,1984.-65-66 б .

1992

98. Әбдиназимов Ш. Белгили илимпаз,талапшаң устаз: [ Филология илимлериниң докторы, профессор Абатбай Дәўлетов 50 жасқа толды] // Еркин Қарақалпақстан.- 1992. – 3 окт

1994

99. Машарипова Т.Кең жәмәәт жоқары баҳа берди:[Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң профессоры Абатбай Дәўлетов ҳаққында Алматықаласында’Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси’деген темада филология илимлериниң докторы илимий дәрежесин алыў ушын жазылған дессертациясын табыслы жақлап шықты ]// Еркин Қарақалпақстан.- 1994. –2 авг.

1995

100. Бекбергенов А., Бекетов. Қарақалпақ тил илиминиң ғайраткери: [Академик Абатбай Дәўлетов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.- 1995. – 17 июнь .

101. Кабулов М. Академике алты сораў:[Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетиклик университетиниң улыўма ҳәм түркий тил билими кафедрасының баслығы,филология илимлериниң профессоры Абатбай Дәўлетов жақында Өзбекстан илимлер академиясының ҳақыйқый ағзасы болыпсайланды] // Қарақалпақстан жаслары .- 1995. – 29 июнь

102. Қалиев Б., Бекбергенова А. Жаңалықлары көп илимий мийнет : [Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң филология факультетиниң деканы , улыўма ҳәм түркий тил билими кафедрасының басқартыўшысы , Өзбекстан илимлер Академиясының академиги Абатбай Дәўлетовтың ’Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң сеслик дүзилиси’ атлы монографиясы ҳаққында ] // Еркин Қарақалпақстан.- 1995. –14 сент.

103. Омаров Ә. Программаға сәйкес дүзилген сабақлық:[ Академик Дәўлетов ҳәм басқада авторлардан ,Қарақалпақ тили 10-11 класс китабы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.- 1995. – 29 июль .

2000

104. Бекбергенов А, Пахратдинов Қ. Қарақалпақ тилин изертлеўшилер.-Нөкис: «Қарақалпақстан»,2000.

2002

105. Әбдиназимов Ш., Қудайбергенов И. Академиклик гүзарға уласқан соқпақ: [Академик Абатбай Дәўлетовтың 60 жыллығына ] // Еркин Қарақалпақстан.-2002.-19 сент.

106. Адам өмиринше оқыўшы: [Академик Абатбай Дәўлетов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары.-2002.- 19 сент.

107. Академиктиң өмир дәптери: [Академик Абатбай Дәўлетов ҳаққында] //Устаз. - 2002. – 22 авг .

108. Доспанов О; Алламбергенов К ; Оразымбетов Ә: [Академик Абатбай] // Еркин Қарақалпақстан.-2002.-20 сент.

109. Дәўлетовтың 60 жыллығына ] // Қарақалпақстан муғаллими .-2002.-№2.

110. Пахратдинов Қ; Қудайбергенов М; Әбдимуратов Т : [Академик Абатбай Дәўлетов ҳаққында] // Ташкент. - 2002.

111. Өтениязов Қ; Әбдиназимов Ш; Қудайбергенов К : Академик А. Дәўлетовтың 60 жыллығына, өмири , илмий – педагогикалық хызметлери ҳаққында.-Нөкис :- 2002.

2004

112. Жумағалиев Қ. Илим жолында 40 жыл // Устаз жолы.-2004.-2 окт.

2010

113. Өтебаева В.Ел ардағындағы академик // Қарақалпақстан жаслары.-2010.-2 дек.

2012

114. Қудайбергенов М. Илимге арналған өмир // Еркин Қарақалпақстан.-2012.-4 сент.

115. Қудайбергенов М., Пахратдинов Қ. Академик Абатбай Дәўлетовтың өмири ҳәм илимий педагогикалық хызмети.// Илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир:( Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жылық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012. -12-16 бетлер.

116.Ҳәмзиев Т. Бирге өткен жаслығымыз.//Илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир:(Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012.-3-12бетлер.

117.Уснатдинова Р., Оразымбетова О., Атажанов Ә. Қарақалпақ тил илиминиң сәркардасы;//Илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир: (Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012.-16-21бетлер.

118. Отаров А. Мыңнан шыққан тулпар: //Илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир: (Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012.-21-26 бетлер

119. Алламбергенов К. Талапшаң алым талўасы:// Илим ҳәм билимлендириўге арналғанөмир: (Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012.-26-30 бетлер.

120. Оразымбетов Қ. Пидайы алым, ғамқор устаз:// Илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир: (Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012.-30-33 бетлер.

121. Сейтназаров И. Устаз мектеби:// Илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир: (Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012.-33-38 бетлер.

122. Хощанов Б. Роль щербовский фонологической школы в научной деятельности Академика Абатбая Даулетова:// Илим ҳәм билимлендириўге арналған өмир: (Академик Абатбай Дәўлетовтың 70 жыллық юбилейине арналады).-Нөкис:-2012.-39-43 бетлер.

2013

123. Қудайбергенов М.,Пахратдинов Қ: [Академик Абатбай Даўлетов 70жаста] //«Вестник Каракалпакского отделения АН Узбекистана».-2013.-№3.

2015

124. Абатбай Дәўлетов:[некролог] // «Еркин Қарақалпақстан».-2015.-9 апр.

125.Абатбай Дәўлетов:[некролог] // «Халқ сузи».-2015.-9 апр.

126.Абатбай Дәўлетов:[некролог] // «Вести Каракалпакстан».-2015.-11 апр.

127.Абатбай Дәўлетов:[некролог] // «Қарақалпақстан жаслары».-2015.-23 апр.

128.Қудайбергенов М.Пахратдинов Қ.Абатбай Дәўлетов:[некролог]// «Вестник Каракалпакского государственного университета».-2015.-№2.

**Дүзиўши:**

**Үлке таныў сектор баслығы:** **Ж. Тлеўбаева**